



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 800 MILYON DOLA NAN FINANSMAN KI ENKLI NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2022 A POU FAZ 1 PWOJÈ RANPLASMAN VYADIK I-81 AN

Pwojè ke yo t ap tann depi lontan ta dwe pi gwo pwojè ke Depatman Transpò a bati

Yo sipòte yon pati nan plan enfrastrikti ki koute 311 milya dola Gouvènè a nan bidjè ane sa a - ki se pi gwo plan nan peyi a epi ki pi chè nan istwa Eta a

Yo prevwa odyans piblik ki ta dwe fèt ete sa a

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Bidjè Eta ke yo Adopte pou Ane Fiskal 2022 a enkli 800 milyon dola nan direksyon premye faz konstriksyon sou pwojè ranplasman vyadik I-81 ke yo ap tann depi lontan an. Pwojè a pral retire estrikti elve ki deja egziste a ki separe Vil Syracuse nan konstwi yon rezo kominotè entegre ki pral distribiye trafik otou lari lokal North-south yo, kreye yon nouvo bouk biznis epi rekonekte katye yo ki koupe pa konstriksyon otowout la. Pwojè a pral konstwi tou nouvo chemen pou itilizasyon pataje pou pyeton yo ak siklis yo epi amelyore aksè ak sèvis transpò piblik nan sant anba vil la.

"Pandan anpil ane nou t ap travay sou yon solisyon pou transfòme vyadik I-81 ki demode epi ki mal fèt la nan Syracuse an yon koridò transpò modèn, epi bidjè ane sa a ap fè li yon reyalite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te tande kominote a, adrese enkyetid ki gen rapò ak pwojè a, epi mete pi bon plan nou an annavan - kounye a se moman pou aksyon. Nou ap tann ak enpasyans jou istorik sa a lè premye pèl la ap inogire pwojè enpòtan sa a."

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta te travay avèk Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration) Depatman Transpò Etazini pou finalize vèsyon preliminè Deklarasyon Enpak Anviwonmantal (draft Environmental Impact Statement, DEIS) la pou pwojè transfòmasyon sa a epi li pwograme pou li pibliye DEIS la pou kòmantè piblik ak pou fè yon odyans piblik pita nan ete sa a. Aprè yo fin reyalize konkou federal la, yo pral inogire pwojè a an 2022.

Pwojè a gen pou objektif pou ranvèsè maladrès klasik planifikasyon ane 1950 yo ki separe kè Vil la lè li bay nouvo opòtinite pou enklizyon ak ekite ki ofri nan konstriksyon Rezo Kominotè a, ke Depatman Transpò Eta te detèmine ki pral pi byen satisfè objektif

pwojè a. Rezo Kominotè a ap ofri yon anviwònman ki tankou yon boulva ki pral sipòte ekipman ki san danje aksesib pou pyeton ak bisiklèt ADA yo pandan tout pwojè a.

Anons sa a baze sou investisman transpò estratejik pou amelyore mobilite ak konpetitivite ekonomik nan Rejyon New York Santral, ki gen ladan konstriksyon premye Pò Anndan rejyon an; Koridò Konektif Syracuse la; re-imajinasyon Ayewopò Entènasyonal Syracuse-Hancock la; ak konstriksyon yon nouvo ranp sou Interstate 690 k ap bay aksè dirèk ak Gran Fwa Eta New York la.

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Gouvènè Cuomo kontinye akonpli angajman li pou renouvle ak modènize enfrastruktir transpò atravè New York epi asire konpetitivite ekonomik mondyal nan chak rejyon nan Eta a. Pwojè Interstate 81 an bay yon opòtinite jenerasyonèl pou enkòpore ekite pandan n ap rebati ekonomi pati nò nou an. Sa a se pi gwo pwojè transpò pati nò eta a an tèm nivo investisman, e pandan pwojè a ap avanse, Depatman an ap tann ak enpasyans angajman kominotè soutni pou maksimize ak reyalize potansyèl li pou New York Santral".

Senatè John W. Mannion, te deklare, "Ranplase I-81 se yon opòtinite inik nan yon jenerasyon pou amelyore fondamantalman Vil Syracuse atravè enfrastruktir transpò modènize ki sipòte nouvo aktivite ekonomik, biznis ki deja egziste, ak kominote koulè nou yo ki te afekte yon fason negatif pa vyadik la pandan dè deseni. Mwen ap tann ak enpasyans pou mwen pou travay sere ak Depatman Transpò a pou avanse pwojè sa a san pèdi tan. Mwen angaje tou pou mwen asire ke mendèv lokal la gen yon plas bò tab la ak yon kantite travay jan sa posib k ap soti nan mendèv New York Santral la".

Senatè Rachel May te deklare, "Pwojè I-81 la te retade nan New York Santral pou plis pase yon deseni. Mwen kontan paske travay la ap kòmanse sou rezo kominotè a, e mwen kwè ke pwojè sa a pral yon pati enpòtan nan avni briyan Syracuse la. Mwen pral kontinye defann desizyon konsepsyon iben ak investisman piblik ki benefisye tout rezidan Syracuse yo, pran an kont alafwa erè istorik ak enpak alontèm aktyèl pwojè sa a pral genyen sou anpil nan manm kominotè ki pi vilnerab nou yo. Mwen ap tann ak enpasyans pou mwen travay avèk DOT ak moun ki gen enterè nan kominote a pou kontinye konvèsasyon enpòtan sa yo pandan pwojè sa a ap dewoule".

Manm Asanble Pam Hunter te deklare, "Ranplase vyadik aktyèl la pa yon rezo kominotè se yon investisman enpòtan nan vil, konte, ak rejyon nou an. Nou akeyi investisman 800 milyon dola Eta a nan rejyon nou an pou demare premye faz pwojè sa a. Kòm nou ap avanse, nou bezwen asire ke tout aspè nan pwojè sa a pran tout moun ki gen enterè yo an konsiderasyon".

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Mwen kontan ke pwojè rekonstriksyon I-81 ke yo te diskite depi lontan an sou wout pou li kòmanse, ak yon gwo etap yo ap pran ak anons finansman pwojè nan bidjè eta ane sa a. Depi lontan mwen te yon defansè ak yon kwayan nan rezop kominotè, epi mwen konnen pwojè sa a pral kreye anpil djòb

akoutèm epi vrèman ede revitalize sant vil nou an ak tout rejyon nou an nan ane k ap vini yo".

Majistra Syracuse la, Ben Walsh te deklare, "Finansman nan Bidjè Eta a pou premye faz pwojè vyadik I-81 la pote opòtinite transfòmasyonèl sa a yon etap pi pre reyalye a. Rezo Kominotè a se vrè altènatif pou amelyore transpò pou Syracuse ak New York Santral ak korije enpak danjere vyadik la pandan plizyè deseni sou moun ak kominote nou an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Lejislati a paske yo franich etap sa yo pou asire pwojè enpòtan sa a kòmanse pi vit jan sa posib".

Annatandan konkirans federal la, plan yo mande pou Faz 1 pwojè a gen ladan travay sou seksyon nò ak sid nan Business Loop 81, travay sou I-690 sou Avni Crouse ak Avni Irving, ak konvèsyon I-481 a I-81 ki gen ladan yon kantite pwojè wout ak pon otou koridò a.

Pwojè 1.9 milya dola pral amelyore aksè veyikil soti nan otowout la rive nan destinasyon kle nan Rezo Kominotè a, ki gen ladan distri biznis anbalavil la, lopital yo ak Syracuse University. Li pral soulaje pwoblèm konjesyon trafik ki deja egziste sou I-81 an, echanjè Harrison Street/Adams Street ak Almond Street la, lè yo konstwi yon Business Loop 81 otou Almond Street pou amelyore koneksyon ak anba lavil ak lòt distri biznis yo, sa k ap distribiye sikilasyon yon fason efikas nan entèseksyon kontwole yo nan tout Vil la.

Pou plis enfòmasyon sou pwojè a, tanpri vizite <https://www.dot.ny.gov/i81opportunities>

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)